

STS GENAP Bahasa Jawa

UPT SD NEGERI TAMBAKBOYO 1



REBORN

REligius, Berprestasi,
nasiOnalis, teRampil, maNdiri

Gatekna paragraf ing ngisor iki kanggo mangsuli soal nomor 1 , 2!

Alas minangka paru-paru donya duwe kalungguhan wigati marang keseimbangan ekosistem, klebu flora lan fauna ing jerone. Saka 193 nagara sing duweni alas, Indonesia ana ing urutan kaping 9 kanthi alas sing ambane 888.950 m². Saben taun ambane alas ing donya sangsaya suda fungsine lan ngalami saperangan karusakan.

1. Sing dadi paru-parune donya yaiku...
 - a. taman
 - b. wit
 - c. alas
 - d. ekosistem
2. Ambane alas Indonesia yaiku...
 - a. Wolongatus wolung puluh wolu ewu sangangatus seket meter persegi
 - b. Wolongatus wolung puluh wolu ewu limangatus seket meter persegi
 - c. Wolongatus wolung puluh wolu ewu pitungatus seket meter persegi
 - d. Wolongatus wolung puluh wolu ewu telungatus seket meter persegi
3. Kirim layang migunakake electronic mail bisa nggunakake
 - a. TV
 - b. internet
 - c. radhio
 - d. layang kitir
4. Jaman biyen masarakat nggunakake piranti iki kanggo komunikasi tradhisional. Upamane menawa ana maling utawa banjir. Piranti sing dikarepake yaiku
 - a. telegram
 - b. ponsel
 - c. kenthongan
 - d. internet

Gatekna paragraf ing ngisor iki kanggo mangsuli soal nomor 5, 6!

Bathik minangka pralambang budaya ing Indonesia. Bathik uga dianggo dening masarakat Indonesia kanggo saperangan acara, upamane acara resmi lan ora resmi. Kajaba iku, bathik bisa digunakake ing acara kang magepokan karo adat tradhisional. Kang mangkana negesake kalungguhan bathik ing satengahing masarakat jaman saiki.

5. Kang dadi pralambange budaya ing Indonesia yaiku ...
 - a. Kesenian Wayang kulit
 - b. Batik
 - c. Aksara jawa
 - d. Adat tradisional
6. Miturut wacan ing dhuwur, Bathik uga ora dianggo dening masarakat Indonesia kanggo saperangan acara...
 - a. Resmi
 - b. Ora resmi
 - c. Magepokan karo adat tradisional
 - d. Riyayan


Gatekna paragraf ing ngisor iki kanggo mangsuli soal nomor 7-10!

Teknologi ramah lingkungan yaiku teknologi kang anggone gawe lan ngetrapake kanthi nggunakake bahan baku kang ramah lingkungan. Teknologi ramah lingkungan kudu efisien anggone nggunakake sumber daya saka banyu, energi, panganggone bahan baku, lan bahan kimia.

Teknologi ramah lingkungan wis ditrapake ing saperangan babagan, kayata energi lan industri, lingkungan, lan transportasi. Ing babagan energi lan industri ana biogas, biofuel, sel surya, pembangkit listrik tenaga air lan angin. Biogas dipikolehi saka proses fermentasi bahan organik bakteri anaerob (bakteri kang urip ing lingkungan tanpa oksigen). Biofuel yaiku jinis energi alternatif sing bisa dianyari. Biofuel asale saka bahan organik, kaya tetanduran. Dene sel surya digunakake kanggo ngowahi sumber energi srengenge dadi listrik migunakake panel surya. Panel surya duwe kaluwihan, yaiku ora ngasilake emisi gas rumah kaca, ngasilake energi kang gedhe, bisa dipasang utawa dipindhah. Dene kakurangane yaiku mbutuhake sistem kanggo nyinggahake listrik lan piranti ing jerone klebu jinis sampah kang mbebayani. Mula, kudu didaur ulang kanthi becik sawise dianggo 20–25 taun.

Teknologi ramah lingkungan duweni sawatara mupangat. Upamane njaga lestarine alam saka karusakan, nyuda limbah kang bisa nyemari lingkungan, mupangatake barang sing wis ora dianggo dadi produk kang migunani, lan nggampangake kanggo nyukupi kabutuhan manungsa.

7. Ing ngisor iki kang ora klebu kaluwihan saka panel surya yaiku
 - a. bisa dipasang utawa dipindhah
 - b. ora nuwuhake emisi gas rumah kaca
 - c. ngasilake energi kang gedhe
 - d. ngandhut piranti kang klebu ing jinis sampah mbebayani

- 
8. Ing ngisor iki sing ora klebu teknologi ramah lingkungan yaiku
- a. sel surya
 - b. pembangkit listrik tenaga air
 - c. kendaraan pribadi utawa umum
 - d. biogas
9. Kaluwihan Panel surya yaiku...
- a. ngasilake emisi gas rumah kaca, ngasilake energi kang gedhe, bisa dipasang utawa dipindhah.
 - b. ora ngasilake emisi gas rumah kaca, ngasilake energi kang gedhe, bisa dipasang utawa dipindhah.
 - c. ora ngasilake emisi gas rumah kaca, ora ngasilake energi kang gedhe, bisa dipasang utawa dipindhah.
 - d. ora ngasilake emisi gas rumah kaca, ngasilake energi kang gedhe, ora bisa dipasang utawa dipindhah.
10. Biofuel yaiku jinis energi alternatif sing bisa dianyari kang asale saka...
- a. Bahan anorganik
 - b. Bahan organik
 - c. Panel surya
 - d. Sel surya

**Gathukno tembung-tembung ing
ngisor iki karo aksara jawa kang
bener!**

1. NATA BATA



ꦤꦠꦠꦤꦠꦠ

2. SAKA SALA



ꦱꦏꦱꦱꦱ

3. KACAMATA



ꦏꦏꦩꦠ

4. RATA RATA



ꦫꦠꦠꦠ

5. DADA LARA



ꦢꦢꦭꦫ

6. DARA SANGA



ꦢꦫꦱꦁ

7. RAMAYANA



ꦫꦩꦪꦤ

8. BASA JAWA



ꦨꦱꦗꦮ

9. NAGA DAWA



ꦤꦒꦢꦮ

10. PADA KAYA



ꦥꦢꦏꦪ